

Alkitab kanggo murangkalih Nyanggakeun



Nuh Sareng Caah Gede

Ditulis ku: Edward Hughes

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Ilustrasi/juru gambar ku: Byron Unger; Lazarus

Disaluyukeun ku: M. Maillot; Tammy S.

Carita nomer 3 dugi 60


www.M1914.org

Bible for Children, PO Box 3, Winnipeg, MB R3C 2G1 Canada

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak carita ieu,
salami sanes kanggo tujuan komersil.

Sundanese

Nuh teh jalmi anu taat
ka Gusti, unggal dinten
pasti muji ka Gusti.
Jalmi anu sanesna mah
teu taat ka Gusti.




1

Dina hiji dinten Gusti nyarios
ka Nuh, ngeunaan hiji hal
anu matak pikareuwaseun
"Kaula bakal ngancurkeun
alam dunya anu jahat ieu

"Gusti nyarios
deui ka Nuh

"Ngan
maneh jeung
kulawarga maneh
wungkul
anu bakal
salamet."



2

Gusti ngemutkeun ka Nuh yen caah
teh bakal datang sareng nutupan
sakuliah dunya.



3

"Sok geura nyieun bahtera anu gede pisan
pikeun kulawarga maneh jeung sagala
rupa sasatoan" Gusti marentah ka Nuh.
Gusti masihan parentah anu jelas
sareng rinci ka Nuh, atuh Nuh
teh janten jalmi
sibuk.



4


Panginten jalmi-jalmi
sejenna moyokan ka
Nuh, waktos Nuh
ngajelaskeun
alesanana
naha



5

Nuh bet
ngadamel
bahtera.
Tapi Nuh tetep
we ngadamel
bahtera eta.

Anjeuna oge
tetep nyarioskeun
ngeunaan Gusti ka
jalmi-jalmi
anu aya



6

disabudeureunana.
Tapi teu aya saurang
oge anu percanten
kana sasauran
Nuh.

Nuh teh ngagaduhan iman
anu teguh, Anjeuna leres-
leres percanten ka Gusti,
kitu oge kulawargana,
sanajan hujan teu acan
turun, ...



7

... tapi Bahtera the
tos siap, sadaya anu
diperyogikeun oge ku
Nuh tos disiapkeun.



8

Ayeuna sagala rupa sasatoan daratangan. Gusti nyandak tujuh tina unggal jenisna, sareng dua tina jenis anu sanesna.



Manuk ageung, manuk alit, sasatoan anu galak, anu begang, anu jangkung daratangan ka Bahatera Nuh.




Panginten jalmi sanes mah sarurak maroyokan Nuh, waktos Nuh ngeusian bahterana ku sagala rupa sasatoan.




Maranehna teras-terasan ngalakukeun kajahatan, ka Gusti ngalawan. Maranehna ge teu haroyongeun lalebet kana bahtera Nuh.



Ahirna sasatoan, manuk-manuk lalebet kana bahtera Nuh, "Sok ayeuna asup kana bahtera eta" Gusti marentah ka Nuh.



"Maneh jeung pangeusi imah maneh" Nuh, istrina purtana tilu, minantuna lebet kana bahtera eta, teras Gusti anu nutup pantona.






Teras turun hujan. Hujan ageung teras-teras dugika opat puluh dinten opat puluh wengi, kota-kota, desa-desa, sakuliah dunya janten kakeueum ku cai.

15




Waktos hujan tos liren, gunung-gunung oge janten kakeueum cai, sadayana mahluk hirup teh janten paraeh.

16



Waktos cai nyueuran, bahtera Nuh the angkleung-angkleungan diluhureun cai. Panginten dilebetna teh poek, oyag-oyagan, panginten oge pikasieuneun. Tapi ieu bahtera teh janten tempat panyalindungan Nuh tina cai bah eta.

17



Saatos 5 sasih, Gusti ngintunkeun angin, lalaunan eta bahtera the kabawa kadarat di hiji gunung anu namina Gunung Ararat. Nuh masih keneh di lebet bahtera salami opat puluh dinten dugika caina saat.

18



Nuh ngaleupaskeun manuk gagak sareng japati tina jandela bahtera. Tapi manuk eta teh uih deui ka bahtera Nuh, margi teu acan mendakan tempat anu garing.

19




Saminggon ti harita, Nuh nyobian deui ngalepaskeun japati,

eta japati teh uih deui ka Nuh nyandak daun zaitun dina papatukna. Minggon salajengna Nuh terang yen bumi teh tos garing, sabab japati eta teu uih deui ka bahtera.

20

Gusti nyaur ka Nuh yen ieu teh waktosna kanggo kaluar tina bahtera. Sasarengan, Nuh sareng kulawargana ngaleupaskeun sasatoan.



21


Kacida bingahna Nuh teh waktos harita. Anjeuna ngadamel altar, teras muji Gusti, anu parantos nyalametkeun Nuh sareng kulawargana tina cai bah anu pikasieuneun.



22

Gusti masihan hiji jangji anu luar biasa ka Nuh. Moal sakali-kali deui Gusti nurunkeun caah anu ageung pikeun nghukum dosa

manusa. Gusti masihan hiji tanda kanggo janji-Na. Anu janten tanda eta teh nyaeta katumbiri.



23

Nuh sareng kulawargana mendak hiji jaman anu enggal saatos kajadian caah eta teh. Dina waktos harita, turunan Nuh, minuhan sakulah dunya,

sadaya bangsa di alam dunya ieu.



24

Nuh Sareng Caah Gede

Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Kajadian 6-10

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu masihan Caang." Psalm 119:130

Gusti uninga urang parantos milampah seueur kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat dosa teh nyaeta pati.

Gusti kalintang mikaasihna ka urang, dugika Anjeuna ngutus Putra-Na Yesus, kanggo pupus dina kai palang, kanggo mayar sagala hukuman urang. Yesus gugah tina maot teras angkat ka Sawarga. Ayeuna Gusti parantos ngahapunten sagala dosa urang.

Upami Saderek hoyong kaluar tina sagala dosa Saderek, saurkeun ka Gusti : Nun Gusti, abdi percanten Yesus pupus dina kai palang tur ayeuna Mantena parantos hirup deui. Sumangga sumping kana kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi supados ayeuna abdi ngengingkeun hirup anu enggal, tur tiasa sasarengan sareng Gusti salalamina. Tuyen sim abdi supados tiasa hirup sakumaha kedahna abdi hirup salaku Putra Gusti. Amin.

Yoh 3:16

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten!